/ К-11-1

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКІЭ ОЛИМПИАДЭ 84 б

## 11 КЛАСС

1. Пщым (Амыщ) езым и ІэкІэ Алъпигъэкъабзэрт. 2. Япэ щІыкІэ мэкъу гъущэкІэ зэпилъэщІыхьырт, итІанэ игъэпскІырт. 3. Сыт хуэдиз псалъэ гуапэкІэ ар абы и тхьэкІумэм иІущащэрэт. 4. ЗыщІэ щыІэкъым и псэм пищІ и шым абы жриІахэр зищІысымр эзыхуэдизымрэ! 5. Зейм хуэпэж Алъп абы и ужь икІыртэкъым, пщыр хъушэм щыкІуа уахътыхэм, къызэрилъагъуу гуфІэу щыщырт, фІалъэкІэ щІыр кърхитхъурт. 6. МащІэу зэрефийуэ е и Іэгур зэрызэтригъауэу Амыщ деж къажэрт. 7. Зипкъыр мыкІыхь дыдэ, къыууэ зи пщэр гъэша, зи пэр щІыбыкъуэ, зи нэгу губзыгъэ – апхуэдэт Амыщ и уанэ шыр. 8. «АдыгэлІым и ныбэ егъэныкъуэри и шым и ныбэ ирегъэкъу» жыхуаІэрати, зэи къэхъуакъым, и шыр имыгъашхэу, ар езыр Іэнэ щыпэрытІысхьа. 9. Алъп япэ псы ткІуэпс щызыІуигъэхуаи къыхуихуакъым. 10. Абы нэхъ къыхуэпэжи ныбжьэгъу иІакъым. 11. Зэгуэр, Псыжь зэпрыкІауэ, къэзакъышэм ар уанэгум ирихат. 12. Кърихри щыхупІэм щыхуащ, псы цІыкІу гуэрым и къуэбэкъум дэхуэу. 13. Амыщ и гупым зауэ гуащІэ иращІылІат къэзакъ плъырхэм. 14. Куэдрэ къалъыхъуащ гупым я пашэр, ауэ ягъуэтыжакъым. 15. Къэзакъхэм дэІэпыкъуэгъу къащыІэрыхьэм мыхэр къикІуэтын хуей хъуащ. 16. ЗэгъуэкІ ихуа нэужь, еплъмэ, ишри бзэхат. 17. «Тесам ещхьу арии биишэм ихьащ» - жаІащ гупым. 18. Ауэ Алъп псэут. 19. Псыхъуэм зыщигъэпщкІури, гупыр къыщІэзыгъэІахэр лъэныкъуэ езыжа нэужь, шым псыІэрышэм и нэпкъ лъагэм ех лъагъуэ къигъуэтри, лъэгум дыхьащ, и уанэгу исар къилъыхъуэжщ, бгъурыгъуалъхьэщ, зыщихъуэм, етІыркъыурэ зыкъригъэщІэжри зэпрыууэ уанэгум кърнгъэгъуэлъхьэжащ. 20. Гупым япэ ихуэу къуажэм къэсыжащ Алъп, зыкъэзымыщІэжа пщыр къихьыжри. 21. Амыщ и зекІуэгъухэм къагъэзэжа нэужь, яш хъыжьэ къызэщІэплъахэр пщым и куэбжэпэм деж къыщыжьэдакъуащ икІи хъыбар гуауэ къыздэзыхьа зекІуэлІхэр,хабзэм тету, бжэІупэм Іухьащ, я щхьэр къыфІэхуауэ.

22. Ахэр къэзылъэгъуа унэІутым, пырхъуэм къытохьэри,жеІэ:

23. –Дотэ нэхур къэкІуэжащ. 24. Ди гъунэгъу къуажэм къикІа Іэзэр абы йоІэзэ. 25. Шыбгъэрыуэ ищІу,биййм я шырэ я лІырэ мащІэрэ зэтриудакъым, Амыщ кІэрахъуэ къытезыгъэпса е сэшхуэ къытезышэщІа мащІэ абы дзэкІэ ифыщІакъым. 26. Мис апхуэдэт мы жылэм щагъэхъу щолэхъухэр. 27. Адрей къуажэхэми апхуэдэт. 28. Къэбэрдей уэркъхэм апхуэдэшт зэрашэр. 29. Арауи къыщІэкІынт «Адыгэшрэ лІы бэшэчрэ» щІыжаІэр, адыгэ шуудзэм къытекІуэ щІыщымыІэр. *(Вэрокъуэ В.).*

## ТЕКСТЫМ ЩІЫГЪУ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР

**1.** *Iухьэри, имыгъашхэу, унэIутыр, укъэкIуэжа* псалъэхэр пычыгъуэкIэ зэпыудын Iу-хъэ-ри, и-мы-гъаш-хэу, у-нэ Iу-тыр, у-къэ-кIуэ-жа.

**2.** 20-28-нэ псалъэухахэм хэт жьы хъуа псалъэхэр къыхэфтхыкI пщы, унэIут, уэркъ.

**3.** *ЗэгъуэкI ихуа нэужь* псалъэхэр сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэу къигъэсэбэпа авторым ______.

**4.** 3-нэ псалъэухам хэт *иIущащэрэт* псалъэм синоним къыхуэфхь ихъущащэрт.

**5.** 16- 21-нэ псалъэухахэм хэт фразеологизмхэр къыхэтхыкIын ______.

**6.** Текстым псалъэжь хэтмэ, къыхэфтхыкI ______.

**7.** Текстым хэт щыIэцIэ унейхэр къыхэфтхыкI: ______.

**8.** 19-нэ псалъэухам хэт мы псалъэхэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр вгъэбелджылы: *нэужь* союз, *и* имя числительное, *ех* причастие, *исахэр* причастие, *къилъыхъуэжщ* глагол, *етIыркъыурэ* ______, *зэпрыууэ* наречие.

**9.** 11-нэ псалъэухам хэт *ирихат* глаголым щхьэ дапщэ иIэ? изхынт

**10.** 13-нэ псалъэухам зэкIуныгъэ зэпхыкIэ зиIэ псалъэ зэпхахэр къыхэфтхыкI ______.

**11.** Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ адыгэлIымрэ адыгэшымрэ я зэхущытыкIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар и тегъэщIапIэу сочиненэ фтхы.

***ЕхъулIэныгъэ фиIэну!***

Проверила

**ОТВЕТЫ И БАЛЛЫ**

**11 КЛАСС**